


**Prezidan Dieter F. Uchtdorf**  
Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans lan



# Kisa ki vini apre lanmou?

**P**wofèt Byeneme nou an, Prezidan Thomas S. Monson, te anseye “lanmou se vrè esans levanjil la.”<sup>1</sup> Lanmou sitèlman enpòtan ke Jezi rele l “kòmandman ki pi gwo ak pi konsekan” an epi li di tout lòt eleman lalwa a ak tout pawòl pwofèt yo depann de li.<sup>2</sup>

Lanmou se motivasyon santral pou tout sa n ap fè nan Legliz la. Chak pwogram, chak reyinyon, chak aksyon nou fè antanke disip Jezikri dwe sòti nan karakteristik sa a—paske san charite, “ki se amou pi Kris la,” nou pa anyen.<sup>3</sup>

Lè nou fin konprann sa nan lespri nou ak nan kè nou, lè nou fin deklare lanmou nou pou Bondye ak pou pwochen nou—kisa k vin apre?

Èske santi konpasyon ak lanmou pou lòt moun sifizan? Èske deklare lanmou nou pou Bondye ak pou pwochen nou satisfè obligasyon nou anvè Bondye?

## Parabòl De Pitit Gason yo

Nan tanp lan nan Jerizalèm, chèf prèt yo ak ansyen Jwif yo te vin kote Jezi pou yo te pran l nan pyèj nan pawòl Li t ap di yo. Men, Sovè a te vire sityasyon an kote l te rakonte yo yon istwa.

Li te kòmanse “Vwala sete yon nonm ki te gen de pitit gason.” Li te pale avèk pi gran an epi l te mande l pou l t al travay nan jaden rezen an. Men pitit gason an te refize. Nan apre li te “repanti, li te ale.”

Apre sa papa a t al pale avèk lòt pitit gason an epi l te mande l pou l t al travay nan jaden rezen an. Dezyèm pitit gason an te ba l asirans li ta prale, men li pa t janm ale.

Epi, Sovè a te vire gade prèt yo ak ansyen yo epi l te mande yo, “Kiyès nan de pitit gason sa yo ki fè volonte papa l?”

Yo te oblije admèt se te premye pitit gason an—sa ki te di li pa ta prale a men ki te vin repanti nan apre epi l t al travay nan jaden rezen an.<sup>4</sup>

Sovè a te itilize istwa sa a pou atire atansyon sou yon prensip enpòtan—se moun ki obeyi kòmandman yo ki vrèman renmen Bondye.

Petèt se poutèt sa Jezi te mande moun yo pou yo koute epi swiv pawòl Farizyen yo ak direktè lalwa yo men pa swiv egzanp yo.<sup>5</sup> Pwofesè relijyon sa yo pa t ap fè sa yo te dwe fè yo. Yo te renmen pale sou relijyon, men tristeman yo pa t kapte fon li.

## Aksyon yo ak Sali Nou

Nan youn nan dènye leson Sovè a te bay disip Li yo, Li te pale yo sou Jijman final la. Yo ta pral separe moun ki mechan yo ak moun ki jis yo. Bon moun yo ta eritye lavi etènèl; mechan yo ta livre nan pinisyon etènèl.

Ki diferans ki te genyen ant de gwoup sa yo?

Moun ki te demontre lanmou yo atravè aksyon yo te sove. Moun ki pa t fè sa yo te kondane.<sup>6</sup> Vrè konvèsyon nan levanjil Jezikri a ak nan valè l yo ak prensip li yo ap demontre nan aksyon chaj jou nou yo.

Alafen, tou senpleman deklare nou renmen Bondye ak pwochen nou p ap kalifye nou pou egzaltasyon. Paske, jan Jezi te anseye a, “Se pa tout moun ki di m, Senyè, Senyè, k ap antre nan wayòm syèl la; men, se moun ki fè volonte Papa m ki nan syèl la.”<sup>7</sup>

### Kisa ki vini apre lanmou?

Repons pou kesyon, “Apre lanmou, kisa k vini an?” ka senp epi dirèk. Si nou vrèman renmen Sovè a, n ap gen tandans pou n remèt kè nou ba Li epi mache nan chemen disip la. Lè nou renmen Bondye, n ap fè efò pou nou obeyi kòmandman L yo.<sup>8</sup>

Si nou vrèman renmen pwochen nou, n ap fè tout sa nou kapab pou ede “pòv yo ak moun ki nan nesosite yo, malad yo ak moun ki aflije yo.”<sup>9</sup> Paske moun ki fè zak dezenterese sa yo ki plen konpasyon ak sèvis,<sup>10</sup> se yo menm menm ki disip Jezikri.

Se sa ki vini apre lanmou.

Se sa ki esans levanjil Jezikri a.

### NÒT

1. Thomas S. Monson, “Love—the Essence of the Gospel,” *Liahona*, Me 2014, 91.
2. Gade Matye 22:36–40.
3. Gade Morowi 7:46–47.
4. Gade Matye 21:28–32.
5. Gade Matye 23:3.
6. Gade Matye 25:31–46.
7. Matye 7:21.
8. Gade Jan 14:15.
9. Doktrin ak Alyans 52:40.
10. Gade Mozya 18:8–9.

### ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Prezidan Uchtdorf defini vrè disip Jezikri yo kòm moun ki montre lanmou yo pou li ak pou lòt moun atravè aksyon yo. Li anseye nou “si nou vrèman renmen Sovè a, n ap gen tandans ba l kè nou epi apre sa mache sou chemen disip la.” Panse pou w mande moun w ap anseye yo nan ki fason lanmou te ba yo motivasyon pou yo mache sou chemen disip la. Ou gen dwa pataje eksperyans ou avèk yo tou. Ou gen dwa envite yo pou yo priye pou yo ka gen plis charite ak fòs pou yo aji avèk lanmou.

## JÈN YO

### Respekte Kòmandman yo epi Renmen Lòt Moun

Lè nou panse ak lanmou, premye bagay ki souvan vini nan lespri nou se fim womantik, chokola, ak flè. Men lanmou—vrè lanmou an—se yon bagay ki vrèman pi pwofon epi ki vrèman pi dezenterese pase sa. Jezikri te viv pou nou epi li te mouri pou nou akoz lanmou Li pou nou. Anfèt, de pi gran kòmandman yo se renmen Bondye ak renmen tout moun (gade Matye 22:36–40). Men kijan nou ka *montre* lòt moun nou renmen yo?

Prezidan Uchtdorf pataje parabòl Kris la sou de pitit gason yo, youn ki travay pou papa li ak youn ki pa travay pou li. Sovè a fè nou remake se sèl pitit gason ki te obeyi papa l la ki te vrèman renmen li. Menmjan tou, lè nou obeyi kòmandman Bondye yo, nou montre nou renmen Li epi nou vle retounen al jwenn Li.

Men kijan pou nou montre nou renmen tout lòt moun? Prezidan Uchtdorf esplike sa tou: “Si nou vrèman renmen pwochen nou, n ap fè tout efò nou pou ede ‘pòv yo ak moun ki nan nesosite yo, malad yo ak moun ki aflije yo.’ Paske moun ki fè zak dezenterese sa yo ki plen ak konpasyon ak sèvis, se yo menm ki disip Jezikri.”

Konsa, pwochèn fwa nou wè paran nou, yon frè oswa sè nou, oubyen yon zanmi, panse sou sèvi yo pou montre afeksyon nou pou yo. Non sèlman sa ap fè yo kontan, men sa ap fè Papa w ki nan Syèl la kontan tou.

## TIMOUN YO

### Montre Lanmou

Jezi te pataje yon istwa sou yon papa ak de pitit gason li. Papa a t ap travay nan yon jaden rezen epi li te mande de pitit gason l yo pou yo te ede li. Premye pitit gason an te di non toudabò men nan apre li t al ede nan jaden rezen an. Dezyèm pitit gason an te di li ta pral ede, men li pa t janm ale. Jezi te anseye premye pitit gason an te montre lanmou pou papa li atravè obeyisans li.

Jwe wòl istwa sa a! Apre sa ekri oubyen desinen twa bagay ou ka fè pou montre lanmou w pou Papa nou ki nan Syèl la.



Lafwa, Fanmi, Sekou

# Vin Paran se yon Devwa Sakre

*Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi chèche enspirasyon pou w ka konnen kisa pou w pataje. Kijan konpreyansyon “Fanmi: Yon Pwoklamasyon pou Mond lan” kapab ogmante lafwa nou nan Bondye epi beni moun n ap veye sou yo atravè vizit nan fwaye yo? Pou plis enfòmasyon, ale nan [reliefsociety.lds.org](http://reliefsociety.lds.org).*

**P**apa nou ki nan Syèl la tabli fanmi yo pou ede nou anseye prensip kòrèk nan yon anviwonman plen lanmou. Prezidan Thomas S. te di: “Fè pitit nou konpliman epi anbrase yo; di: ‘Mwen renmen w pi souvan; toujou eksprime remèsiman nou. Pa janm kite yon pwoblèm pou rezoud vin pi enpòtan pase yon moun pou renmen.”<sup>1</sup>

Susan W. Tanner, ansyèn prezidant jeneral Jènfi yo te anseye: “Papa nou ki nan syèl la se egzanp modèl nou dwe swiv la. Li renmen nou, li anseye nou, li gen pasyans avèk nou, epi li fè nou konfyans avèk libabit nou an. . . . Pafwa nou konfonn disiplin, ki vle di, ‘anseye,’ avèk kritik. Timoun yo—epi tou moun nan tout laj—ap amelyore konpòtman yo plis lè yo santi lanmou nou ak ankourajman nou pase lè n ap chèche jwenn fot lakay yo.”<sup>2</sup>

Èldè Quentin L. Cook nan Kolèj Douz Apot yo di: “Si nou fè priyè familyal, etid ekriti anfanmi, sware

familyal, benediksyon prèttriz, ak respekte jou Saba a fidèlman, pitit nou yo . . . ap prepare pou yon fwawe etènèl nan syèl la, kèlkeswa sa ki tonbe sou yo nan yon mond difisil”<sup>3</sup>

## Ekriti adisyonèl

1 Nefi 8:37; 3 Nefi 22:13;  
Doktrin ak Alyans 93:40; 121:41

## Istwa Vivan

Èldè Robert D. Hales nan Kolèj Douz Apot yo te di: “M t ap li jounal la lè youn nan jèn ti pitit pitit mwen yo te vin chita sou mwen.” “Pandan m t ap li a, m te kontan tandè bèl ti vwa li ki t ap pale. Imajine etonman mwen lè youn ti moman apre li te foute tèt li ant mwen menm ak jounal m t ap li a. Li te pran figi m nan men li epi l te fwote nen l sou nen mwen, li te mande, ‘Granpè! Èske w la?’

“ . . . Èske w la a vle di pou w konprann kè jèn nou yo epi konekte avèk yo. Epi konekte avèk yo vle di pa sèlman fè

konvèsasyon avèk yo men reyalize bagay yo avèk yo tou. . . .

“Nou dwe planifye epi pwofite moman ansèyman yo. . . .

“ . . . Plis mwen viv, se plis mwen rekonèt moman ansèyman nan jenès mwen yo, espesyalman sa paran m te ban mwen yo, yo te fòje lavi m epi te fè m sa m ye jodya.”<sup>4</sup>

## NÒT

1. Thomas S. Monson, “Love at Home—Counsel from Our Prophet,” *Liahona*, Out. 2011, 4.
2. Susan W. Tanner, “Èske m te di ou . . . ?” *Liahona*, Me. 2003, 74.
3. Quentin L. Cook, “The Lord Is My Light,” *Liahona*, Me 2015, 64.
4. Robert D. Hales, “Our Duty to God: The Mission of Parents and Leaders to the Rising Generation,” *Liahona*, Me 2010, 96, 95.

## Konsidere Sa

Poukisa nou ka pi byen anseye levanjil la atravè langaj ak egzanp lanmou?